



# REZO PWOGRAM ANIVÈSÈ HOTSPOT ONE (REPAHO)



## ESTATI

### Chapit 1- Kreyasyon - Non - Sig - Dire - Nati - Objektif - Vizyon - Misyon Deviz - Anblèm - Syèj Sosyal

#### Atik 1- Kreyasyon - Non - Sig.

**Manb fondatè** yo kreye **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE** ki genyen sig **REPAHO** nan jou ki te **06 Desanm 2020**. Aprè yon **Asanble Jeneral** kote anpil deba ak diskisyon te fè sou yon pakèt lide ki makònen youn ak lòt. **Rezo** an se yon gwoup zanmi, fanmi ak kòlèg ki mete tèt yo ansanm pa mwayen kotizasyon chak fwa yo bay pou rive selebre anivèsè youn ak lòt chak jou a rive.

#### Atik 2- Dire.

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** kreye pou yon dire ilimite. **Rezo** sa a kapab kraze pa mwayen yon vòt nan mitan **Manb Fondatè** yo, Sepandan tout **Manb Fondatè** yo dwe dakò pou sa posib. Lè sa a, tout byen ak patrimwàn li pral jwenn yon lòt **Rezo** ki ap pousuiv menm objektif avèk li. Nan ka yo pa jwenn, se yon **Òganism Leta** ki ap benefisye patrimwàn **Rezo** an.

#### Atik 3- Nati.

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** pa yon **Òganizasyon Sosyal** ni yon **Mityèl** non plis. Li se yon **Rezo Solidarite** nan mitan **Ayisyen** ak **Ayisyèn** ki ap viv nan peyi a kou lòt bò dlo ki chwazi selebre anivèsè youn ak lòt nan espri pataj ak solidarite.

#### Atik 4- Objektif.

Objektif **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** se:

- Devlope lespri solidarite ak pataj nan lanmou youn pou lòt.
- Transfòme pataj senbolik jwa ak kado anivèsè ak yon montan pou fè don sa yo tounen reyalite
- Reyalize viv ansanm nan pa mwayen yon selebrasyon anyèl nan lajwa kote tout manb **Rezo** an ap rankontre youn ak lòt selon antant manb yo jwenn sou sa.

#### Atik 5- Vizyon.

Pratike solidarite ant **Ayisyen** avèk **Ayisyèn** ki andann kou andeyò peyi a pou rive Devlope lespri solidarite ak pataj nan lanmou youn pou lòt.

### **Atik 6- Misyon.**

Devlope lespri antrèd ak solidarite pou kapab tabli baz pou transfòmè lespri moun ki ap viv nan kominote nou yo.

### **Atik 7- Deviz.**

Deviz **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** se: **Pataje Nan Lanmou Youn Pou Lòt.**

### **Atik 8- Anblèm.**

Anblèm **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** se **De (2) Demi Sèk**, youn kole ak lòt epi ki genyen yon fòm je. Premye demi sèk la genyen koulè ble ki se senbòl lespwa ak bonè, Dezyèm demi sèk la genyen koulè vèt ki se siy pwogrè, fekondite ak fètilite. Anndan **De (2) Demi Sèk** yo genyen non **Rezo** an ki ekri ladann ki se **HOTSPOT ONE**, men ekriti ki ladann nan genyen koulè ble ak vèt epi genyen tou yon nimewo **En (1)** ki ladann ki vle di viktwa.

### **Atik 9- Svèj Sosyal.**

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** chita kò li nan nimewo 57 B, imp. akim A, mawotyè 79, ri chapantye nan komin kafou. Adrès la kapab chanje pou tabli li nenpòt kote sou demand majorite **Manb Fonadè** yo pa mwayen yon vòt **50%+1**.

## **Chapit 2- Kalite Pou Vini Manb**

### **Atik 10- Kategori Manb.**

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** genyen **Twa (3) Kategori Manb** ladan li ki se:

- **Kategori Manb Fondatè (Board).**
- **Kategori Manb Aderan (Team).**
- **Kategori Manb Byenfetè (Staff).**

### **Atik 11- Definisyon Kategori Manb Fondatè (Board).**

**11.1- Kategori Manb Fondatè (Board)** se yon gwoup zanmi, fanmi ak kòlèg ki te chita pou brase lide yo, makònen panse ak aksyon pou te rive pran desizyon pou kreye **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**.

**11.2- Kategori Manb Fondatè (Board)** genyen **Dwa Nominasyon** epi yo genyen **Dwa Veto**, sa vle di yo kapab kase tout desizyon ki pa kadre ak **Estatè Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**.

### **Atik 12- Definisyon Kategori Manb Aderan (Team).**

**Kategori Manb Aderan (Team)**, se tout zanmi, fanmi ak kòlèg ki siyen fòmilè entegrasyon ak deklarasyon dangajman ki ba yo dwa pou yo **Manb** aprè verifikasyon ak apwobasyon **Kategori Manb Fondatè (Board)**.

Website: [www.hotspot-one.club](http://www.hotspot-one.club) / Email: [info@hotspot-one.club](mailto:info@hotspot-one.club)  
**REZO PWOGRAM ANIVÈSÈ HOTSPOT ONE (REPAHO)**

### **Atik 13- Definisyon Kategori Manb Byenfetè (Staff).**

**Kategori Manb Byenfetè (Staff)**, se tout zanmi, fanmi ak kòlèg ki pataje lide, filozofi ak vizyon **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**. Epi ki dwe bay **Tout Fòm Kontribisyon** yo pou patisipe nan yon **Selebrasyon Anyèl** chak fwa sa ap fèt.

### **Atik 14- Kondisyon Pou Vini Manb.**

Tout moun ki ap rantre nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**. Dwe rantre sou referans yon **Manb Rezo** an ki ranpli tout kondisyon yo epi ki genyen otorizasyon pou fè sa.

### **Atik 15- Otorizasyon Komite.**

Kèlkeswa manb ki nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ki vle mete yon lòt moun nan **Rezo** an. dwe jwenn ak yon **Reprezantan** swa **Prezidan** an, **Sekretè Jeneral** la oubyen **Pòt Pawòl** la. Epi **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**, ap genyen pou yo analize ak verifiye tout dokiman moun nan pou rive wè si tout dokiman kandida a koresponn ak tout kritè **Rezo** an mande yo. Donk, se apre analiz ak verifikasyon, kandida a ap genyen dwa pou vini yon manb **Rezo** an.

### **Atik 16- Konesans Sou kandida.**

Pyès manb **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** pa genyen dwa mete yon moun nan **Rezo** an san li pa konnen moun nan byen. Konnen moun nan byen vle di genyen yon relasyon ki sere ak moun nan epi genyen tout enfòmasyon sou moun nan tankou non li, etid ak pwofesyon li, aktivite li ap fè ak fason moun nan kondwi lavi li.

### **Atik 17- Refi Enskripsyon Yon kandida.**

Si manb ki refere moun nan pa kapab bay tout enfòmasyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap bezwen sou moun nan, **KOJESA** pap kapab aksepte enskri kandida a.

### **Atik 18- Lekti Règleman Yo.**

Avan yon kandida rantre nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, li dwe pran tan li pou li byen li ak konprann **Règleman** yo epi mande eksplikasyon si li jwenn anpil lide ki pa twò klè pou li nan **Estat** a ak **Règleman Entèn** yo.

### **Atik 19- Respè Ak Aplikasyon Règleman Yo.**

Tout manb **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** dwe soumèt ak tout règleman yo epi aplike yo nan tout gwo desizyon ak aktivite **Rezo** an ap planifye ak egzekite.

### **Atik 20- Kondisyon Pou Yon Kandidati Aksepte.**

**Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap aksepte yon kandida, si li reponn ak kritè yo epi si li dakò ak tout règleman yo.

### **Atik 21 - Kritè Pou Yon Kandida Granmoun Vini Manb.**

Men kritè pou yon kandida granmoun ranpli avan li rantre nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ki se:

- Fòk kandida a genyen pou pi piti **Dizwit (18) Lanne.**
- Fòk kandida a genyen yon **Pyès Idantite** ki valab.
- Fòk kandida a genyen **Referans** yon manb ki deja fè pati **Rezo** an.
- Fòk kandida a aksepte sou **Platfòm Nimerik** ak **Rezo Sosyal Rezo** an.
- Fòk kandida a bay **Twa (3) Foto** fantezi pou pi piti.
- Fòk kandida a bay **\$100 us** kòm kotizasyon pou chak anivèsè yon manb **Rezo** an.
- Fòk kandida a ranpli **Fòmilè Enskripsyon** ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an.

### **Atik 22 - Kritè Pou Yon Kandida Timoun Vini Manb.**

Men kritè pou yon kandida timoun ranpli avan li rantre nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**:

- Fòk kandida a pa genyen pi plis **Disèt (17) Lanne.**
- Fòk kandida a genyen **Referans** yon manb ki deja fè pati **Rezo** an.
- Fòk referans la pran tout responsablite nèt nan **Rezo** an pou kandida a.
- Fòk referans la aksepte foto kandida a sou **Platfòm Nimerik** ak **Rezo Sosyal Rezo** an.
- Fòk referans la bay **Twa (3) Foto** fantezi pou pi piti pou kandida a.
- Fòk referans la bay **\$100 us** kòm kotizasyon pou chak anivèsè yon manb **Rezo** an pou kandida a.
- Fòk referans la ranpli **Fòmilè Enskripsyon** ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an pou kandida a.

### **Atik 23- Enfòmasyon Kandida Dwe Bay.**

Nan moman enskripsyon an, tout kandida dwe bay **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA) Twa (3) Tip** enfòmasyon sa yo ki rantre nan kontni fòmilè entegrasyon an ki se:

- Enfòmasyon sou **Kandida** a.
- Enfòmasyon sou **Referans** kandida a.
- Enfòmasyon sou **Benefisyè** kandida a.

### **Atik 24- Enfòmasyon Sou Kandida.**

Men lis enfòmasyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** dwe jwenn sou kandida a ki se:

- Siyati kandida.
- Non kandida.
- Sèks kandida
- Dat fèt kandida.
- Adrès kandida.
- Telefòn kandida.
- Imèl kandida.

### **Atik 25- Enfòmasyon Sou Referans Kandida.**

Men lis enfòmasyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** dwe jwenn sou referans kandida a ki se:

- Siyati referans.
- Non referans.
- Sèks referans.
- Telefòn referans.

Website: [www.hotspot-one.club](http://www.hotspot-one.club) / Email: [info@hotspot-one.club](mailto:info@hotspot-one.club)  
**REZO PWOGRAM ANIVÈSÈ HOTSPOT ONE (REPAHO)**

- Imèl referans.
- Kisa referans la ye pou kandida: (fanmi, zanmi, elatriye).

### **Atik 26- Enfòmasyon Sou Benefisyè Kandida.**

Men lis enfòmasyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** dwe jwenn sou moun kandida a si ta genyen yon ijans ki se:

- Siyati moun.
- Non moun.
- Sèks moun.
- Telefòn moun.
- Imèl moun.
- Kisa moun nan ye pou kandida: (fanmi, zanmi, elatriye).

### **Atik 27 Nivo Konfyans Ak Senserite Nan Enfòmasyon.**

Si youn nan enfòmasyon sa yo kandida a bay la pa ka verifye, **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** pap otorize entegrasyon kandida a nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**.

### **Atik 28- Sanksyon Pou Enfòmasyon Ki Fo.**

Si yon kandida ta rive bay yon enfòmasyon ki fo ak **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** pou li kapab rantre nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, **KOJESA** ap retire manb la nan **Rezo** a aprè tout verifikasyon.

## **Chapit 3- Dwa Ak Devwa Manb**

### **Atik 29- Idantifikasyon Ak Enskripsyon Manb.**

**29.1-** Chak manb ki fini enskri epi ki entregre **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ap resevwa yon **Kòd Idantifikasyon** ak yon **Kat Manb**. Kat manb sa a ap pote **Siyati, Non, Nimewo Kòd**, ak **Logo Rezo** an. Kat sa a ap rete pwopriyete prive **Rezo** an.

**29.2-** Rejis **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** yo se rejis elektwonik ak tout dokiman enprime tout manb yo ap genyen oubyen konsilte sou sit entènèt **Rezo** an ki se: **www.hotspot-one.club**, tout sipò sa yo ap fasilite yon bon jesyon dosye manb **Rezo** an.

### **Atik 30 - Chanjman Ak Modifikasyon Nan Fòmilè.**

Chak Youn (1) Lanne, **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap genyen pou reverifye tout enfòmasyon manb yo. Travay sa a ap fèt nan objektif, si ta genyen yon chanjman nan dosye manb la, pou **KOJESA** kapab modifiye dosye elektronik manb la.

### **Atik 31- Devwa Manb.**

Manb **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** yo genyen pou devwa:

- Patisipe nan tout aktivite **Rezo** an ap antreprann kelkeswa kote li ap fèt sou tout teritwa a avèk **Manb Byenfètè** li yo.

- Mete konpetans ak eksperyans pwofesyonèl ou pou sèvis **Rezo** an.
- Fè tout aktivite oubyen ap reyalize ak sans pwofesyonel ak responsablite.
- Patisipe nan eleksyon pou eli manb nan **Rezo** an.
- Okipe yon pòs oubyen yon fonksyon nan **Rezo** an jan **Estat** a ak **Règleman Entèn** yo mande sa.
- Patisipe nan reyinyon **Rezo** an ak tout desizyon ki ap pran pa mwayen vòt.
- Travay pou fè pwomoyon pou misyon ak objektif **Rezo** an nan tout kwen peyi a.
- Mete ou disponib chak fwa **Rezo** an rele oubyen pou ba li yon sèvis kòm resous manb ki kalifye epi konpetan.
- Pa itilize non **Rezo** an pou rezoud pwoblèm pèsònèl ou.
- Dat anivèsè chak grenn manb nan **Rezo** an enpòtan se poutèt sa **KOJESA** ap di tout manb yo se yon obligasyon pou yo di manb ki ap fete a bon anivèsè epi ak anpil swè.

### **Atik 32- Dwa Manb.**

Manb **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** yo genyen dwa pou:

- Jwenn enfòmasyon ak bay opinyon yo sou tout sa ki konsène aktivite ak desizyon nan **Rezo** an.
- Pote tèt yo kandida pou okipe yon fonksyon ak “**Eli**” manb nan **Enstans** ki la pou administratè **Rezo** an.
- Bay sigjesyon, fè pwopozisyon ak rekòmandasyon lè genyen reyinyon **Asanble Jeneral (AJ)** ak **Asanble Jeneral Manb (AJM)**.

### **Atik 33- Chanjman Adrès Yon Manb.**

Si yon manb ta chanje adrès pou ale viv nan yon lòt teritwa, manb la dwe toujou rete atache epi respekte **Règleman Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** tankou:

- Respekte règleman estatitè.
- Veye sou bon mach **Rezo** an.
- Kontribiye nan tout aktivite yo.
- Kotize chak fwa genyen yon anivèsè.
- Patisipe nan tout aktivite yo.
- Atache ak filozofi, vizyon ak misyon **Rezo** an elatriye.

### **Atik 34- Obligasyon Manb.**

Tout manb sa yo dwe ranpli fòmilè entegrasyon ak siyen deklarasyon dangajman an pou yo vini manb **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**.

### **Atik 35- Dwa Sou Kotizasyon Manb.**

Lè manb la fini rantre nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, li genyen yon kotizasyon obligatwa pou li bay kòm don chak fwa genyen **Anivèsè** nan **Rezo** an. Montan kotizasyon sa a se **\$100 us** li ye pou chak manb **Rezo** an.

### **Atik 36- Respè Pou Desizyon Komite.**

Tout manb dwe respekte desizyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** pran depi desizyon sa pa kontrè ak filozofi, misyon epi vizyon **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ap defann.

### **Atik 37- Reprimand Pou Manb Ki Pa Respekte Règleman Entèn.**

Si yon manb pa respekte prensip Estatitè ak Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè **HOTSPOT ONE (REPAHO)**, Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (**KOJESA**) ap genyen pou reprimande, blame manb la nan fòm ki apwopriye pou sa.

## **Chapit 4 - Sanksyon Ak Pwosedi Pou Ranplasman Ak Radyasyon Manb**

### **Article 38- Tip Sanksyon.**

Men tout sanksyon yon manb ki vyole **Estatè** a ak **Règleman Entèn** yo kapab sibi:

- Avètisman.
- Blam.
- Retrè.
- Entèdisksyon pou okipe yon pòs responsab.
- Radyasyon.

### **Atik 39- Motif Pou Radyasyon.**

Yon Manb kapab radye nèt anndan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** pou rezon sa yo:

- Vyolasyon **Estatè** ak **Règleman Entèn Rezo** an.
- Ka vyolasyon ki repete aprè yon sanskyon.
- Movèz jesyon ak itilzasyon byen **Rezo** an.
- Eskonbrit, kakosal, eksè langaj ak zak imoral ki kapab sal imaj **Rezo** an.
- Kondanasyon ak yon pèn lajistis ki retire dwa sivil ak politik manb la.
- Diskriminasyon egzès kont yon lòt manb.
- Pasivite, silans ak inaktivite san yon motif valab pou jistiye sa nan pòs elektif yo.

### **Atik 40-Tip Radyasyon.**

Radyasyon an kapab pou yon ti tan epi li kapab pou tout tan. Li pou yon ti tan se lè manb la kapab retounen entegre **Rezo** an. Li definitiv se lè manb la radye nèt, sa vle di li san okenn posiblite pou entegre **Rezo** an yon lòt fwa ankò.

### **Atik 41- Pwosedi Pou Radyasyon.**

Desizyon pou radye yon manb ap fèt nan yon **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO) Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè** pa mwayen yon vòt ki fèt ak men leve nan majorite manb ki prezan yo. Desizyon sa ap kore ak yon lèt ki ap rive jwenn manb la ki genyen yon delè **Twa (3) Jou**, aprè li fin resevwa lèt la pou li retounen **Kat Manb** la ak tout **Materyèl** epi **Ekipman** si li te genyen nan men li.

### **Atik 42- Rejistrasyon Ak Siyati.**

Desizyon **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO) Òdinè** oubyen **Ekkstrawòdinè** a ap fòmalize nan yon **Pwosè Vèbal** ki ap rantre nan rejis espesyal **Rezo** an. Dokiman sa a ap konsève nan biwo **Rezo** an epi li ap siyen pa **Prezidan Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**.

### **Atik 43- Sòti Manb La Nèt.**

Si yon manb pa ta respekte prensip **Estati** yo epi **Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** nan repete dezobeyisans nan prensip, atik yo ankò, Ebyen fwa sa manb la ap radye nèt san okenn reklamasyon.

### **Atik 44- Sou Disponiblite Manb.**

Kèlkeswa manb ki fè pati **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** dwe disponib epi dispoze pou patisipe nan tout desizyon enpòtan ki ap pran nan yon reyinyon **Asanble Jeneral (AJ)** oubyen **Asanble Jeneral Manb (AJM)** pou bon mach **Rezo** an. Kidonk **Rezo** an ap konsidere absans manb li sèlman nan ka yon fòs majè oubyen yon ka enprevi.

### **Atik 45- Relasyon Santimantal Ak Eskandal.**

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** kont tout fòm **Eskonbrit Santimantal, Kakosal Vèbal, Kakosal Ekri ant De (2) Manb** nan **Rezo** an ki kapab deranje klima pou manb yo jwi trankilite despri yo.

### **Atik 46- Respè Vi Prive Santimantal Yon Manb.**

Si ta genyen **De (2) Manb** nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ta deside rantre nan yon relasyon santimantal, sa pap angaje **Rezo** an.

### **Atik 47- Respè Vi Prive Pèsònèl Yon Manb.**

Nenpòt manb nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ki ta rantre an kontak ak yon lòt manb nan **Rezo** an sitou an prive, kèlkeswa bagay yo ta antann yo sou li, li pap angaje **Rezo** an sou yon fòm oubyen sou yon lòt.

### **Atik 48- Non ak Diskriminasyon.**

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** kont tout fòm diskriminasyon ki chita sou ras, koulè, kilti, relijyon, konesans, andikap, kote ou fèt, lang yon manb pale, oriantasyon seksyèl. Nan sans sa a, tout manb se manb epi yo genyen menm valè.

### **Atik 49- Entèdiksyon Ak Tout Fòm Diskriminasyon.**

Tout tèm ki site nan **Atik 48** la sou divès fòm diskriminasyon sa yo, **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** entèdi yo ak kèlkeswa manb la, pou ta pratike yo kont yon lòt manb oubyen pou sèvi ak yo pou fawouche yon lòt manb nan **Rezo** an menm an jwèt.

### **Atik 50- Sanksyon Pou Tout Fòm Diskriminasyon.**

Si yon manb nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** pa ta rive respekte jan sa di nan **Atik 48** ak **Atik 49** la, **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap genyen pou reprimande, blame manb la nan fòm ki apwopriye pou sa.

### **Atik 51- Radyasyon Tout Fòm Diskriminasyon.**

Si menm manb la ta poze menm pwoblèm sa ankò, ebyen lè sa a, **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap radye manb la nèt nan **Rezo** an.



## **Chapit 5- Administrasyon Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**

### **Atik 52- Diferan Ògàn Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO).**

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** genyen **De (2) Ògàn** ki ap administre li ki se:

- **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA).**
- **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO).**

### **Atik 53- Konpozisyon Komite.**

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ap jere pa mwayen yon **Komite** ki genyen non **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**. Epi ki ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li ki se:

- **Prezidan.**
- **Sekretè Jeneral.**
- **Responsab Trezò.**
- **Pòt Pawòl.**
- **Konseye Jeneral.**

### **Atik 54- Fonksyon Manb Komite.**

#### **A- Prezidan.**

- Konvoke reyinyon pou planifye aktivite anyèl ak bidjè **Rezo** an.
- Anime reyinyon **KOJESA** ak delibere sou desizyon **Komite** a ap pran.
- Otorize depans sou lajan kotizasyon manb **Rezo** an.
- Otorize entegrasyon nouvo manb nan **Rezo** an.
- Siyen pwoèsè vèbal reyinyon ak tout dosye administrasyon **KOJESA**.

#### **B- Sekretè Jeneral.**

- Asiste **Prezidan** an nan reyinyon li yo kòm manb ki ap distribye la pawòl.
- Redije pwoèsè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawodinè** yo.
- Resevwa dosye nouvo manb ak kominike yo bay **Prezidan** an.
- Fè mesaj rapèl ak tout fetan mwa yo epi sou dwa kotizasyon yo.
- Konsève tout achiv **KOJESA** a genyen.
- Siyen ak **Prezidan** an pwoèsè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawodinè** yo ak tout dosye administratif **KOJESA**.

#### **C. Responsab Trezò.**

- Prepare bidjè kotizasyon masyèl ak anyèl manb **Rezo** an.
- Prepare bidjè selebrasyon anyèl manb **Rezo** an.
- Resevwa montan don kotizasyon manb **Rezo** an.
- Dedwi taks obligatwa ak penalite sou reta pèman kotizasyon manb **Rezo** an.
- Prezante rapò kotizasyon masyèl manb yo ak rapò depans selebrasyon anyèl **Rezo** an.
- Siyen avèk **Prezidan** an rapò depans masyèl ak anyèl **Rezo** an.

#### **D. Pòt Pawòl.**

- Repezante **Prezidan** an ak **Sekretè Jeneral** la pou pote mesaj nan bouch oubyen ekri.
- Asiste **Sekretè Jeneral** la nan divès fòm kominikasyon li yo.
- Pran la pawòl piblik nan non **KOJESA**.
- Dirije la pawòl tankou mèt seremoni lè genyen selebrasyon anyèl **Rezo** an.

#### **E. Konseye Jeneral**

- Bay konsèy sou tout desizyon **KOJESA** ap pran nan non **Rezo** an.
- Veye sou bon jesyon **KOJESA** epi fè rekòmandasyon sou fay li wè ki genyen.
- Jwe wòl abit lè genyen bouch louvri nan mitan manb **KOJESA** yo ak rès manb **Rezo** an.

#### **Atik 55- Atribisyon Manb Komite.**

**Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** genyen pou atribisyon:

- Planifye selebrasyon anyèl pou **Kategori Manb Byenfètè Rezo** an.
- Elabore bidjè masyèl ak anyèl **Rezo** an pa mwayen kotizasyon manb yo.
- Distribiye montan kotizasyon chak fwa ak chak manb lè anivèsè yo rive.
- Distribiye ak chak manb bidjè masyèl ak anyèl anivèsè tout manb yo.
- Retire penalite lè genyen reta ak dedwi taks pou reyalize selebrasyon anyèl la ak pou ranfòsman enstitisyonèl.
- Prezante rapò resèt sou kolèk kotizasyon ak distribisyon montan, dediksyon taks ak sanksyon sou reta, depans pou selebrasyon anyèl manb yo.
- Planifye ak pwogram gwo desizyon estratejik **Rezo** an.
- Veye sou bon fonksyonman **Rezo** an pa rapò ak **Estat** epi **Règleman Entèn** yo
- Resevwa dosye kandida ak evalyasyon yo pou entegre nan **Rezo** an.
- Resevwa kont randi, sigjesyon ak rekòmandasyon manb **Rezo** an.
- Nome manb nan **Komisyon** si sa nesesè ak lòt manb nan **Rezo** an lè genyen pòs ki vid.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou tout manb ki fotif nan **Rezo** an.
- Amande **Règleman Entèn Rezo** an sou demand moajorite manb yo.

#### **Atik 56- Konpozisyon Asanble Jeneral (AJ).**

**Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO)** fòm ak **Manb Kategori Manb Fondatè (Board)** sou delegasyon **Komite** ki repezante yo a ki se **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li.

#### **Atik 57- Nati Asanble Jeneral (AJ).**

**Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO)** kapab yon **Asanble Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**. Li se yon **Asanble Jeneral Òdinè** se le li reyalize nan dat **Estat** a prevwa pou li fèt la ki se chak **Youn (1) Mwa**, nan dènye samdi mwa a. Epi li se yon **Asanble Jeneral Ekstrawòdinè** se lè sa fèt selon yon sikonstans ki pa rantre nan frekams **Estat** a te prevwa pou sa fèt.

#### **Atik 58- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Lè Manb Yo Enpè.**

Lè manb yo enpè nan **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO)**, depi yo rive jwenn **kota 50%+1** an, vòt la ap posib. Men **Manb Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ki ap jwe wòl moderatè a ap kapab vote.

### **Atik 59- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Lè Manb Yo Pè.**

Lè manb yo pè nan **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO)**, depi yo rive jwenn kota **50%+1** an, vòt la ap toujou posib. Men **Manb Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ki ap jwe wòl moderatè a pap kapab vote.

### **Atik 60- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Òdinè Oubyen Ekstrawòdinè.**

Kota vòt nan **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO)** kit se **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè** pa chanje, li ap rete **50%+1** an.

### **Atik 61- Frekans Revinyon ak Mòd Konvokasyon AJ.**

**61.1-** Reyinyon **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO)** ap fèt chak **Youn (1) Mwa**, nan dènye samdi mwa a, men se sou konvokasyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**.

**61.2-** Motif konvokasyon an ak **Òd Di Jou** a dwe rive jwenn pati ki konvoke a **Swasanndouz (72) èd Tan** davans pou li kapab prepare li an konsekans kit se yon **Asanble Jeneral Òdinè**.

### **Atik 62- Atribisyon Asanble Jeneral (AJ) Òdinè.**

**Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO) Òdinè** a genyen pou atribisyon:

- Apwouve plan travay ak pwogramasyon **Rezo** an.
- Apwouve bidjè anyèl fonksyonnamn **Rezo** an.
- Prezante bilan travay ki reyalize selon plan travay ak bidje ki te apwouve yo.
- Diskite ak pwopoze amandman sou kèk atik nan **Estat** ou **Règleman Entèn** yo.
- Diskite sou meyè estrateji pou fè **Rezo** an byen fonksyone.
- Deside sou ka manb ki vyole **Estat** ak **Règleman Entèn Rezo** an.
- Pwopoze plan aktivite pou fè manb **Rezo** yo patisipe, debat sou tout rapò **KOJESA** ap prezante.
- Pran ak vote desizyon sou ka ak sitiyoasyon ki mande mezi administativ estratejik ak korektiv.
- Diskite sou kesyon enterè jeneral.

### **Atik 63- Atribisyon Asanble Jeneral (AJ) Ekstrawòdinè.**

Atribisyon **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO) Ekstrawòdinè** ap defini selon motif konvokasyon an. Li ap prezante an detay sou ki kesyon li ap estatiye.

### **Atik 64- Dewoulman Asanble Jeneral (AJ).**

**Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJ-REPAHO)** ap preside pa **Prezidan Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**, **Pòt Pawòl** la ap jwe wòl modere, **Sekretè Jeneral** la ap pran nòt ak dokimante tout desizyon ki ap pran anndan yon pwosè vèbal oubyen yon kont randi desizyon. Dokiman sa yo ap konseve nan yon rejis espesyal nan biwo **Rezo** an.

### **Atik 65- Konpozisyon Jeneral Manb (AJM).**

Asanble Jeneral Manb Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJM-REPAHO) se Asanble kote tout manb Rezo an ap rankontre. Li konpoze ak Twa (3) kategori Manb ki se:

- kategori Manb Fondatè (Board).
- kategori Manb Aderan (Team).
- kategori Manb byenfetè (Staff).

### **Atik 66- Frekans Revinyon Ak Mòd Konvokasyon AJM.**

66.1- Reyinyon Asanble Jeneral Manb Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJM-REPAHO) ap fèt chak Twa (3) Mwa, nan dènye samdi mwa a, men se sou konvokasyon Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA).

66.2- Motif konvokasyon an ak **Òd Di Jou** a dwe rive jwenn manb yo **Swasanndouz (72) èd Tan** davans pou yo kapab byen dispoze pou sa.

### **Atik 67- Atribisyon Asanble Jeneral Manb (AJM).**

Reyinyon Asanble Jeneral Manb Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJM-REPAHO) genyen pou atribisyon:

- Prezante yo sitiyasyon jeneral fonksyonman **Rezo** an.
- Prezante yo rapò detaye sou tout aktivite ki reyalize nan **Rezo** an.
- Prezante yo bilan sou resèt ak depans **Rezo** an.
- Prezante nouvel mezi ki pran ak desizyon **Administrativ** sou manb ki anba sanksyon nan **Rezo** an.
- Prezante tout dokiman **Administratif Rezo** an, ak nouvo dokiman amandan ki pote (si genyen).
- Prezante yo nouvo **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ak tout lòt manb ki nome nan **Komisyen** yo (si genyen).
- Resevwa doleyans manb yo sou tout sa ki pa ale byen nan fason **Rezo** an ap jere epi administre.
- Resevwa pwopozisyon, sijesyon ak rekòmandasyon manb yo ki kapab ede **Rezo** an mache pi byen.
- Sansibilize yo sou kesyon patispasyon nan dat chak anivèsè yon manb ak montan kotizasyon don manb yo nan **Rezo** an.
- Vote gwo desizyon ki ap soti nan **Asanble Jeneral Manb (AJM)**.

### **Atik 68- Dewoulman Asanble Jeneral Manb (AJM).**

Asanble Jeneral Manb Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJM-REPAHO) ap preside pa **Prezidan Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**, **Pòt Pawòl** la ap jwe wòl moderate, **Sekretè Jeneral** la ap pran nòt ak dokimante tout desizyon ki ap pran anndan yon pwosè vèbal oubyen yon kont randi desizyon. Dokiman sa yo ap konseve nan yon rejis espesyal nan biwo **Rezo** an.

### **Atik 69- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral Manb (AJM)**

69.1- Desizyon ki ap soti nan **Asanble Jeneral Manb Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (AJM-REPAHO)** ap fèt pa mwayen yon vòt inanim Swa **Wi** oubyen **Non** ki chita sou prensip majorite manb ki prezan yo.

**69.2-** Vòt pa pwokirasyon otorize. Pou sa rive fèt, manb ki pap kapab prezan nan **Asanble Jeneral Manb Rezo** an, yo ap voye yon lèt bay **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** kote li ap bay tout enfòmasyon sou manb li bay delegasyon pou vote pou li a.

#### **Atik 70- Demisyon Volontè Ak Pwosedi.**

Si yon manb pou yon rezon kelkonk ta deside demsiyone nan **Rezo** an pou pwòp rezon pa li epi san yo pa ni fòse li ni mande li demsiyone, li genyen yon fason pou li fè sa.

- Tou dabò, manb la dwe konsilte **Referans** ki te pèmèt li entegre **Rezo** an pou li diskite avèk li sou sa.
- Aprè sa, manb la ap genyen pou li konsilte **KOJESA** ki te bay otorizasyon pou li vini manb nan **Rezo** an epi diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblije demsiyone.
- Se aprè manb la fini konsilte epi diskite ak **Manb** sa yo, Manb la ap genyen posiblite pou ekri lèt demsiyon li a ki ap adrese ak **KOJESA**.
- Pwosedi sa valab pou tout lòt manb yo ki ap demsiyone nan **Rezo** an.
- Pou manb **KOJESA** yo fòk li remèt tout dosye, **Materyèl** ak **Ekipman Rezo** an ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt manb ki ap ranplase li a genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye.

## **Chapit 6- Mannyè Pou Fè Eleksyon Ak Vòt**

#### **Atik 71- Eleksyon Pou Tout Manb.**

**71.1-** Eleksyon pou manb **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ki nan pòs elektif yo dwe fèt obligatwaman chak **Douze (12) Mwa**, sa vle di chak **Youn (1) Lanne**. Sepandan, sa ap fèt **Premye Samdi** nan **Mwa Desanm** nan lanne a eleksyon an dwe fèt.

**71.2-** Nouvo manb “**Eli**” yo ap ofisyèlman enstale nan pòs yo nan **premye Samdi** Nan **Mwa Janvyè** nan lòt lanne ki ap genyen pou vini an. Kèlkeswa dat manb “**Eli**” a ta rantre ofisyèlman nan pòs li, ebyen **Manda Manb “Eli”** a ap genyen pou fini nan **Premye Samdi** Nan **Mwa Janvyè** nan lòt lanne ki ap vini an.

#### **Atik 72- Dispozisyon Espesyal Pou Komite.**

**72.1-** Sitoutfwa pou yon rezon oubyen pou yon lòt pa ta genyen eleksyon nan dat ki prevwa pou enstale nouvo manb “**Eli**” yo nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, **Manb Fondatè** yo ap fè chwa kèk manb nan mitan yo avèk kèk manb nan **Rezo** an ki konpetan, disponib, epi ki genyen bon volonte pou administre **Rezo** an sou yon peryòd **Youn (1) Lanne**. Nan peryòd sa manb yo kapab chanje nan pòs yo epi peryòd la kapab pi long si **Manb Fondatè** yo pa rive jwenn manb ki disponib ak manb ki konpetan pou pran responsablite sa.

**72.2- Manb Fondatè** yo ap toujou la pou fè travay ki rantre nan atribisyon li, pou kenbe **Rezo** an vivan, li kapab kreye tout lòt **Estrikti** ak lòt ankò pou ede li atenn objektif li fikse.

#### **Atik 73- Chwa Manb Komite.**

**73.1-** Chwa manb pou monte **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap fèt pa mwayen vòt inanim swa **Wi** oubyen **Non** pou tout **Manb Fondatè** yo pou diferan pòs ki genyen nan **Komite** a. Sepandan kèk manb nan **Rezo** an kapab pote yo kandida volontè oubyen **Manb Fondatè** yo fè chwa kèk manb nan **Rezo** an pou yo kandida sou baz eksperyans ak konpetans yo genyen.

**73.2-** Nan ka yon deziyasyon pou yon pòs, depi tout **Manb Rezo** an dakò pap genyen vòt se sèlman aklamasyon ki ap genyen. Nan ka genyen **Manb Rezo** an ki dakò ak lòt **Manb Rezo** an ki pa dakò, se pa mwayen yon vòt nan mitan **Manb Rezo** an kandida a ap rive genyen pòs la, Se toujou vwa majoritè a ki ap pase.

#### **Atik 74- Dire Manda Manb Komite.**

Dire manda manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** se youn (1) Lanne renouvlab li ye. Manb **Komite** yo kapab chanje tou si manb **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** pa satisfè travay yo fè oubyen si yo te genyen vye konpòtman ki pa te fè rès manb **Rezo** an plezi.

#### **Atik 75- Modalite Revinyon.**

**Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap genyen pou li reyini **Youn (1) Fwa** chak fwa genyen yon manb ki ap fete anivèsè li. Konvokasyon sa a ap fèt **Karantuit (48) èd Tan** davans. Men pou sa ki konsène selebrasyon anyèl la, revinyon sa a kapab fèt nenpòt lè sou konvokasyon **Prezidan KOJESA**. Dire revinyon sa yo ak objektif yo ap presize nan nòt konvokasyon an.

### **Chapit 7- Metòd Rezolisyon Konfli**

#### **Atik 76- Medyasyon Komite.**

Si genyen yon pwoblèm ant plizyè manb nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, se **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ki la pou tande manb sa yo, Kidonk pou **KOJESA** rive tranche sou yon bouch louvri, li ap monte yon **Komisyon** ki rele **Komisyon Konsilyasyon**, pou yo jwenn yon solisyon ak pwoblèm nan.

#### **Atik 77- Chire Pit Pami Manb Fondatè.**

Si se **Manb Fondatè** yo ki genyen chire pit la ant yo menm, Ebyen lè sa se rès lòt **Manb Fondatè** yo ki ap pran responsablite sa dirèkteman oubyen **Papa Lide** a pou jwenn yon solisyon ak pwoblèm nan.

#### **Atik 78- Komisyon Konsilyasyon.**

**Komisyon konsilyasyon** an ap monte ak **Twa (3) Manb** ki ap defini metòd pou rezoud konfli a. Desizyon **Komisyon Konsilyasyon** an pa kapab kase nan ka kote manb ki nan chire pit yo ta refize koube anba rekomandasyon li fè a. Sèl opsyon yo genyen se pran vwa lajistis, depi koze a rive la, manb ki nan bouch louvri yo ap tonbe anba sanksyon radyasyon.

#### **Atik 79- Desizyon Sou Konfli.**

Depi pa genyen posiblite pou rezoud chire pit la ant manb yo, desizyon ki ap pran an se radye manb la nèt nan **Rezo** an. Desizyon sa a ki ap pwononse nan **Asanble Jeneral Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ap anrejistre nan achiv **Rezo** an epi li ap pote tou yon kote **Siyati Komisyon Konsilyasyon** ak manb ki genyen bouch louvri yo.

## **Chapit 8- Resous, Mòd Jesyon Kotizasyon Manb Yo Penalite Ak Sanksyon**

### **Atik 80- Resous Rezo an.**

Resous **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** genyen ladan li:

- Kotizasyon pou **Anivèsè Manb Fondatè (Board)**.
- Kotizasyon pou **Anivèsè Manb Aderan (Team)**.
- Kotizasyon pou **Retwouvay** ki rele **Selebrasyon Anyèl Manb Byenfetè (Staff)**.

### **Atik 81- Resous Moun.**

**Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** genyen resous manb nan tout **Kategori Manb** li yo. Pou bezwen li epi selon nati sèvis la, li kapab chache resous la deyò pou li kapab atenn objektif li yo jan sa ekri nan **Estati** a.

### **Atik 82- Montan kotizasyon Pou Kategori Manb Fondatè (Board).**

Kotizasyon **Kategori Manb Fondatè (Board)**, se **\$100 us** li ye pou chak dat **Anivèsè** yon manb **Rezo an**.

### **Atik 83- Montan kotizasyon Pou Kategori Manb Aderan (Team).**

Kotizasyon **Kategori Manb Aderan (Team)** se **\$100 us** li ye pou chak dat **Anivèsè** yon manb **Rezo an**.

### **Atik 84- Montan Kotizasyon Pou kategori Manb Byenfetè (Staff).**

Kotizasyon **Kategori Manb Byenfetè (Staff)** se **\$500 us** li ye pou **Selebrasyon Anyèl Rezo an**, epi pou manb ki poko genyen **Dizwit (18) Lanne** yo se **\$250 us** li ye.

### **Atik 85- Peryòd Kotizasyon Manb.**

**Kategori Manb Fondatè (Board)** ak **Kategori Manb Aderan (Team)** Kotizasyon yo obligatwa pou chak dat **Anivèsè** yon manb **Rezo an**. Montan kotizasyon an dwe vèse avèk **KOJESA** avan **Karantuit (48) èd Tan** dat **Anivèsè** manb la rive. Sepandan, manb la dwe resevwa montan kotizasyon li a nan men **KOJESA** avan dat **Anivèsè** li rive. Sinon manb la ap resevwa **Kòm Penalite 5% Reta** sou total montan kotizasyon li a.

### **Atik 86- Lòt Peryòd Kotizasyon Manb.**

Kèlkeswa manb li ye a kapab vèse montan kotizasyon li plizyè semèn alavnas selon kapasite manb la ak mwayen manb la genyen.

### **Atik 87- Limit Kotizasyon.**

Kèlkeswa manb ki nan **Kategori Manb Fondatè (Board)** ak, **Kategori Manb Aderan (Team)** yo pa genyen dwa pou yo depase **Karantuit (48) èd Tan** avan dat **Anivèsè** manb la rive, sa vle di **De (2) Jou** avan dat **Anivèsè** manb la rive san yo pa vèse montan kotizasyon an.

### **Atik 88- Sanksyon Limit Kotizasyon.**

Si yon manb ta bay montan kotizasyon li a an reta pou yon rezon oubyen pou yon lòt, li ap genyen **Kòm Penalite 10% Reta** pou li mete sou kotizasyon li genyen pou li bay la sou chak reta yon anivèsè nan **Rezo** an. Sepandan, si aprè **Vennkat (24) èd Tan** pase manb la poko bay **Penalite 10% Reta**, ebyen lè sa manb la dwe bay **Penalite 10% Reta** a li te genyen an epi ankò **\$1 us** anplis pou chak jou ki pase yo, Kidonk **Penalite 10% Reta** a ap vini **\$10 us + \$1 us** pou kantite jou manb la ap konte li pa kotize yo.

### **Atik 89- Prèv Pèman Kotizasyon Ak Penalite.**

Chak fwa yon manb ap bay **Montan Kotizasyon** li a oubyen **Penalite 10% Reta** epi ak **\$1 us** chak jou yo, manb la dwe pataje foto tranzaksyon an ak non konplè manb la ladan li nan **Fowòm Team Birthday HOTSPOT ONE** ki se **Gwoup Whatsapp** la. Sinon **KOJESA** ap konsidere manb la toujou genyen penalite reta.

### **Atik 90- Prèv Pèman Kotizasyon Ak Penalite Pou Yon Lòt Manb.**

Yon manb tou kapab bay **Montan Kotizasyon** oubyen **Penalite 10% Reta** epi ak **\$1 us** chak jou yo pou yon lòt manb. Nan ka sa, manb la dwe pataje foto tranzaksyon an ki genyen non konplè manb li fè tranzaksyon an pou li a ladan li nan **Fowòm Team Birthday HOTSPOT ONE** ki se **Gwoup Whatsapp** la. Sinon **KOJESA** ap konsidere manb la toujou genyen penalite reta.

### **Atik 91- Mwayen Pou Bay Montan Kotizasyon Ak Resevwa Montan Anivèsè.**

Men mwayen yon manb ka bay montan kotizasyon li a ak resevwa montan kotizasyon pou li selebre anivèsè li ki se:

- Platfòm finansyè elektwonik yo (zelle, cash app, paypal elatriye).
- Biwo transfè yo (tout taks Transfè ap sou kont manb la)
- Lajan cash (lè sa manb la ap ranpli yon fòm pou sa).
- Kèlkeswa manb **Rezo** an pa genyen dwa pou ni bay epi ni resevwa montan kotizasyon san otorizasyon **KOJESA**. Sinon sa pap angaje **KOJESA**.
- **KOJESA** ap genyen pou pataje nan fowòm **Rezo** an ki se **Team Birthday HOTSPOT ONE** kòman pou manb yo fè sa, epi enfòmasyon sa ap pataje **Katrevensèz (96) èd Tan** avan dat anivèsè manb yo rive.
- Tanpri souple kèlkeswa yon dèt pèsònèl yon manb genyen pou yon lòt manb pa pote li nan **Rezo** an sou kèlkeswa fòm li ye a, paske sa pa angaje **Rezo** an.

### **Atik 92- Kondisyon Pou Resevwa Montan Kotizasyon Yon Lòt Manb.**

Yon lòt manb oubyen lòt moun kapab resevwa montan kotizasyon manb ki ap fete a ak kondisyon manb la dwe bay otorizasyon li ak **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**. Nan ka kontrè, kotizasyon manb la ap rete nan kès **KOJESA** jiskaske manb la disponib. Si toufwa manb la pap viv ankò, ebyen lè sa se moun kontak ijans manb la ki ap resevwa montan kotizasyon **Anivèsè** a pou li. Sepandan, **KOJESA** ap tou retire tout **Rès Kòb** pou lòt dat **Anivèsè** ki rete yo ak **Penalite 10% Reta** epi ak **\$1 us** chak jou yo si genyen.



### **Atik 93- Montan Kotizasyon Selebrasyon Anyèl.**

**93.1-** Montan kotizasyon **Selebrasyon Anyèl Kategori Manb Byenfetè (Staff)** la ap sèvi pou **KOJESA** fè yon gwo **Retwouvay** yo rele **Selebrasyon Anyèl** pou tout manb **Manb Byenfetè** yo ki nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** nan yon dat kote tout **Manb Byenfetè Rezo** an dakò epi ki ap disponib.

**93.2-** **Selebrasyon Anyèl Manb Byenfetè Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ap reyalize chak lanne nan yon dat **KOJESA** ap genyen pou fikse. Kontni selebrasyon an, kote li ap fèt la ak jou a egzakteman se **KOJESA** ki ak kominike li ak tout **Manb Byenfetè** yo.

### **Atik 94- Sanksyon Pou Dèt Kotizasyon Ak Penalite 10% Reta.**

Si fèt yon manb poko rive, epi manb la ta genyen **Dèt Montan Kotizasyon ak Penalite 10% Reta**, lè dat anivèsè manb sa a rive, **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap retire **Dèt Montan Kotizasyon ak Penalite 10% Reta** epi **\$1 us** chak jou yo si genyen. Anplis, **KOJESA** ap tou pran tout **Rès Kòb Montan Kotizasyon** manb ki poko fete yo epi li ap radye manb la nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** nan finisman lanne a.

### **Atik 95- Sanksyon Pou Anivèsè Manb Ak Referans Ki Pase.**

Si fèt referans manb la ak fèt manb la ta gentan pase, si manb la ta genyen **Dèt Montan Kotizasyon ak Penalite 10% Reta**, lè sa a, **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap radye manb la nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** nan finisman lanne a. Epi aprè sa, se referans manb la ki ap reskonsab pou li bay **Dèt Montan Kotizasyon ak Penalite 10% Reta** epi ak **\$1 us** chak jou yo si genyen pou manb la.

### **Atik 96- 1% Taks Sou Chak Montan Anivèsè Yon Manb.**

Sou chak **Montan Kotizasyon** anivèsè yon manb ki ap fete nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap retire **1% Taks** senbolikman pou ranfòsman enstitisyonèl.

### **Atik 97- Transparans Nan Desizyon.**

Tout desizyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap pran ak tout lòt **Manb Fondatè** yo pou egzekite yon pwojè oubyen depans pou yon aktivite kèlkonk, sou kèlkeswa fòm li ap fèt la, ap genyen transparans.

### **Atik 98- Afichaj Ak Piblikasyon Desizyon.**

Tout depans ak desizyon **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, ap pibliye sou **Platfòm Elektronik** yo epi ak **Sit Entènèt Rezo** an.

### **Atik 99- Montan Kotizasyon Manb.**

Montan kotizasyon manb yo pa pou **Okenn Manb** a tit pèsònèl, Lè **KOJESA** mete yo ansanm, yo tout tounen **Fon Rezo** an ki ap aji anba chapo yon **Pèsòn Moral**.

## **Atik 100- Dispozisyon Final Sou Kotizasyon Manb.**

Chak mwa desanm nan lane a, se dènye mwa **Anivèsè** pou tout manb **Rezo** an pou yo vèse tout montan kotizasyon ak penalite reta yo. Menm si se **\$1 us** li ye, fòk manb la vèse montan kotizasyon sa oubyen referans manb la pou fasilite reyalizasyon bilan lane a. Sinon manb la ak tout referans manb la pap kapab patisipe ankò nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** nan lòt lane ki ap vini an.

## **Chapit 9- Jesyon Byen Materyèl, Ekipman ak Sanksyon**

### **Atik 101- Materyèl Ak Ekipman.**

Tout **Materyèl** ak **Ekipman Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** se byen prive li. Pa genyen okenn manb ki otorize pou sèvi ak **Materyèl** epi **Ekipman** sa yo komsì se te byen pèsone l yo.

### **Atik 102- Dwa Pou Itilize Materyèl Ak Ekipman.**

**Sèlman Kategori Manb Fondatè (Board)** ak **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ki genyen dwa pou itilize tout **Materyèl** ak **Ekipman Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** sof anka ijans yon lòt manb ap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Rezo** an men fòk manb la jwenn otorizasyon pou sa pa **KOJESA**.

### **Atik 103- Entèdiksyon Sou Materyèl Ak Ekipman.**

Nenpòt manb nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ki genyen yon **Materyèl** ak **Ekipman** oubyen plizyè **Materyèl** ak **Ekipman Rezo** an nan men li, manb la pa genyen dwa: **Vann Li, Fè Kado Li, Prete Li, Twoke Li, Pran Li, Kraze Li, Boule Li, Ni Mete Li Nan Plàn/Brikabrak Elatriye.**

### **Atik 104- Sanksyon Sou Movèz Itilizasyon Materyèl Ak Ekipman.**

Si toutfwa yon manb nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ta vyole sa **Atik 103** la di a, men ki sanksyon ki ap tann li:

Manb la pap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Rezo** an pandan **Trant (30) Jou**. Manb la dwe remèt **Materyèl** ak **Ekipman** yo nan yon dat ki pa dwe depase **Trant (30) Jou**. Si tan yo bay manb la pou remèt **Materyèl** ak **Ekipman** yo pa respekte **Rezo** an ap oblije trennen manb la **Lajistis**. Aprè lajistis fini tranche kòz la, **Rezo** an ap aplike sanksyon pa li selon **Estati** a sou manb la.

### **Atik 105- Sanksyon Aprè Peryòd Trant (30) Jou.**

Menm si manb la ta remèt **Materyèl** la oubyen **Ekipman** an avan **Trant (30) Jou** a, malgre sa, manb la pap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Rezo** an pandan **Katrevendis (90) Jou**.

### **Atik 106- Sanksyon Pou Repetisyon Vyolasyon.**

Si menm manb la ta vyole **Atik 103** la yon lòt fwa ankò, manb la ap genyen **Kenz (15) Jou** kounye a pou li remèt **Materyèl** ak **Ekipman** an. Sinon **Rezo** an ap oblije trennen manb la **Lajistis**.

### **Atik 107- Sanksyon Aprè Pervòd Kenz (15) Jou.**

Menm si manb la ta remèt **Materyèl** ak **Ekipman** an avan **Kenz (15) Jou** a, malgre sa, manb la pap janm kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Rezo** an ankò. Kidonk, **KOJESA** ap oblije ranplase manb la definitivman jan sa dwe fèt.

### **Atik 108- Retou Materyèl ak Sanksyon Pou Refi.**

Kèlkeswa manb ki pa nan **Kategori Manb Fondatè (Board)** ak **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ankò, epi ak tout lòt **Kategori Manb** yo, dwe remèt tout **Materyèl** ak **Ekipman** ki nan men li. Si li refize fè sa, **Rezo** an ap oblije trennen ansyen manb sa a devan **Lajistis** pou li kapab resevwa **Materyèl** ak **Ekipman** yo nan men li.

### **Atik 109- Envantè Resous Yo Chak Mwa.**

**Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap fè envantè tout resous **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** genyen an espès epi an nati chak mwa.

## **Chapit 10 - Dispozisyon Final ak Mezi Espesyal Estati**

### **Atik 110- Referans Manb.**

Kèlkeswa manb ki nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** pa kapab **Referans** plis pase **Twa (3) Manb** pou garanti ak pwoteksyon **Rezo** an. Si toutfw referans yon manb pa ta nan **Rezo** an ankò pou yon rezon oubyen pou lòt, ebyen lè sa manb la ap pran chaj pou li jere tout bagay nèt nan **Rezo** an jiskaske referans manb la ta retounen ankò nan **Rezo** an.

### **Atik 111 - Sanksyon Pou Manb Ki Inaktif.**

Kèlkeswa manb ki nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, pa genyen dwa pase **Twa (3) Mwa Inaktif** nan **Rezo** an pou kèlkeswa rezon an, sinon, otomatikman manb la ap vini yon ansyen manb **Rezo** an.

### **Atik 112- Nouvo Lenskripsyon Pou Manb.**

Pou ansyen manb la ta retounen nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ankò, lè sa a, ansyen manb la dwe enskri yon lòt fwa ankò nan **Rezo** an.

### **Atik 113- Radyasyon San Reklamasyon.**

Kèlkeswa manb la ki pa ta nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ankò, pou kèlkeswa rezon an, manb la pap kapab fè okenn reklamasyon sou kèlkeswa fòm nan.

### **Atik 114- Règleman Entèn.**

Chak antite ki ap administre **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** dwe genyen yon **Règleman Entèn** ki di men koman li fonksyone, wòl ak responsablite chak manb ki ap dirije li, frekans reyinyon ak asanble li, kota pou yo pran desizyon ladan li ak mòd rapòtaj. Pou rezon sa a, **KOJESA**, **Platfòm Medya Rezo** an ap genyen **Règleman Entèn** pa yo epi tout lòt **Estrikti** ki ap genyen pou kreye nan kad pouswit vizyon, misyon ak objektif **Rezo** an.

### **Atik 115- Amandman Estati.**

**115.1-** Tout dispozisyon anndan **Estati** sa kapab adapte selon nouvell egzijans tan ak lòt sitiwayon ki kreye li pa te prevwa. Nan sans sa a, atik nan **Estati** a kapab modifiye swa nan yon pati saw nan tout **Estati** a si sikonstans la mande sa.

**115.2-** Tout chanjman, tout adaptasyon, tout amandman swa an pati oubyen tout **Estati** a nan limenm sa yo kapab fèt nenpòt moman nan peryòd la, men se **KOJESA** ki ap genyen pou apwouve li. Sepandan fòk tout **Manb Fondatè** yo dakò pou sa posib. Sinon, sa dwe fèt chak **Youn (1) Lanne**.

### **Atik 116- Disolisyon Òganizasyon An.**

**116.1-** Nan ka **Asanble Jeneral Manb Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ka fè pwopozisyon vòt pou kraze **Rezo** an, pou sa posib fòk tout **Manb Fondatè** yo dakò, epi **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap chwazi kèk manb nan **Rezo** an ki ap pran chaj pou likide tout byen **Rezo** an, patrimwàn sa yo pral jwenn yon òganism leta.

**116.2-** Nan ka tout **Manb Fondatè** yo pa dakò avèk pwopozisyon vòt **Asanble Jeneral Manb Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, **Rezo** an ap toujou egziste ak **Manb Fondatè** yo ki ap ba li lòt fòm pou li kontinye egziste ak kreye lòt **Estrikti** pou kolabore ak li nan entèvansyon li ap genyen pou fè pou ba li vi ankò.

### **Atik 117- Apwobasyon Règleman Entèn.**

**117.1-** Tout manb dwe resevwa **Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** pou yo konnen sa ki ladan li, apwouve li, ak respekte tout atik ki ladan li san manke yon yota epi mete yo tout an aplikasyon.

**117.2-** Apwobasyon an se yon angajman li ye, pou sa rive fèt manb la ap siyen yon kopi nan **Règleman Entèn** nan epi retounen li bay **KOJESA** pou anrejistreman ak konsèvasyon.

### **Atik 118- Dispozisyon Final.**

**Kategori Manb Fondatè (Board)** ki ap aji pa mwayen **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**, genyen yon pouvwa ki laj sou tout sa ki ap fèt anndan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**. Epi an deyò tout lòt **Estrikti** sèl li menm ki genyen pouvwa pou kreye yo, li ap toujou egziste depi **Manb Fondatè** yo rete soude epi solidè.

**Fèt Nan Dat 02 Desanm 2022**

**Anrejistre Nan Sekretarya Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO) Nan**

Dat \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_